



PWOSE VÈBAL OFISYÈL REYINYON ADISTANS REYINYON KONSÈY LEKÒL BOSTON

10 Out 2022

Komite Lekòl Boston te fè yon reyinyon adistans nan dat 10 out 2022 a 5:00 p.m. sou Zoom. Pou jwenn plis enfòmasyon sou youn nan pwen ki nan lis la, vizite www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee, voye yon imèl bay feedback@bostonpublicschools.org oswa kontakte biwo Komite Lekòl Boston nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm komite lekòl la ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael D. O'Neill; Stephen Alkins; Brandon Cardet-Hernandez; ak Quoc Tran.

Manm komite lekòl la ki te absan: Lorena Lopera; ak Rafaela Polanco Garcia.

DOKIMAN KI TE PREZANTE

Ajanda

Sibvansyon yo dwe apwouve: \$11,185,345

Prezantasyon manm IMAA yo

Aplikasyon pou manm IMAA

Memo: Mizajou Aplikasyon Plan Amelyorasyon Sistemik

Deklarasyon sou enpak ekite nan aplikasyon plan amelyorasyon sistemik la

Prezantasyon aplikasyon plan amelyorasyon sistemik la

APÈL POU KÒMANSE

Prezidan an, Jeri Robinson, te louvri reyinyon an nan lòd epi fè deklarasyon fidelite a. Madam Sullivan te fè apèl nominasyon. Madam Lopera ak Madam Polanco Garcia te absan. Madam

10 Out 2022

O'Neill te absan pandan apèl la men li te vin rantre nan reyinyon an pita. Tout lòt manm yo te prezan.

Madam Robinson te di reyinyon aswè a ap difize an dirèk sou Zoom. Li pral redifize sou Boston City TV. E Li pral pibliye tou sou bostonpublicschools.org/schoolcommittee ak sou YouTube. Li te anonse sèvis entèpretasyon similtan disponib nan lang Espanyòl, Kreyòl Ayisyen, Kreyòl Kap Vè, Vietnamyen, Kantonè, Mandaren ak Lang siy Ameriken (ASL). Entèprèt yo te prezante tèt yo epi yo bay enstriksyon nan lang natif natal yo sou fason pou jwenn aksè nan entèpretasyon similtan lè yo chanje chanèl Zoom lan. Tradiksyon dokiman reyinyon ak te pibliye nan www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee anvan reyinyon an kòmanse.

Madam Robinson anonse, akòz maladi ak vwayaj, Komite a p ap gen yon kowòm pou tout reyinyon an. Pou jere biznis ki nesèsè nan komite lekòl la, li pwopoze pou komite a òganize ajanda a ankò, deplase vòt yo nan kòmansman ajanda a. Si ak lè manm yo bezwen kite reyinyon an, Komite a pral vote pou ranvwaye reyinyon an, paske p ap gen kowòm ankò. Etandone travay Distri a ap fè a ijan, dat limit k ap vini pou Plan Amelyorasyon Sistemik DESE a ak nesèsite pou pataje enfòmasyon enpòtan sa a ak moun ki gen enterè yo ak manm kominote a, rès manm yo pral tande rapò siveyan enterimè a ak mizajou distri a sou plan amelyorasyon sistemik la, premye pati a fèt nan dat 15 out. Komite a pral fè yon emisyon an dirèk pou piblik la tande mizajou enpòtan sa yo. Moun ki anrejistre pou kòmantè piblik yo ap toujou gen opòtinite pou yo tande lòt manm komite lekòl la, oswa yo ka chwazi pou yo tann pwochen reyinyon regilye a k ap fèt nan dat 31 Out 2022.

PWEN ENTÈVANSYON YO

Apwouve – Nan apèl nominal la, Komite a te apwouve an blòk, nouvo manm Massachusetts Asosyasyon Atletik Entèskolè (MIAA) pou lekòl sa yo, apati ane eskolè 2022-23 la: Boston Arts Academy; Edward M. Kennedy Academy pou Karyè Sante; McCormack/BCLA 7-12; ak BPS Alternative Schools Network (Boston Adult Technical Academy; Boston Day & Evening; Boston Collaborative; Community Academy; ak Greater Egleston).

Nouvo Siveyan Mary Skipper te eksprime antouzyasm li pou nouvo wòl li ak angajman li pou sèvi tout elèv ak fanmi nan BPS. Byenke dat ofisyèl la kòmanse nan dat 26 septanm 2022, li deja ap travay nan tèt ansanm ak Siveyan Enterimè Drew Echelson pou l planifye yon tranzisyon ki san pwoblèm ak yon bon kòmansman ane lekòl.

Madam Robinson te revize pwèn enpòtan ki nan kontra travay Siveyan Mary Skipper:

- Siveyan Skipper pral gen yon manda kat ane, apati 26 septanm.
- Jiska moman sa, li pral travay sou yon baz konpansasyon pandan l ap sispann travay li nan Somerville Public Schools.
- Siveyan Skipper pral touche \$300,000 chak ane.

- Siveyan Skipper ap resevwa tou yon kontribisyon anyèl nan pansyon retrèt li.

10 Out 2022

- Siveyan an pral fè yon revizyon anyèl sou pèfòmans komite lekòl la epi li pral elijib pou yon ogmantasyon salè 2.5% ane pwochèn. Apre sa, distri a pral fè yon revizyon sou mache to salè pou siveyan distri iben ki menm gwochè yo pou asire yon salè konpetitif.
- Kontra a gen ladann langaj ki pèmèt pati yo dakò pou yo konkli mityèlman, sa ki pa t nan kontra siveyan anvan yo.
- Siveyan an ap gen opsyon pou itilize \$10,000 pou antrenè pwofesyonèl la si l vle.

Madam Robinson te revize pwèn enpòtan nan kontra travay Siveyan enterimè Drew Echelson. Komite a otorize Madam Robinson pou l siyen akò a 29 jen. Selon pratik ki pase yo pou kontra siveyan pwovizwa a, akò a pa t mande yon vòt komite lekòl la.

- Doktè Echelson pral sèvi antanke siveyan Enterimè jiska dat efektif nominasyon Siveyan Skipper, 26 septanm.
- Li pral touche \$280,000 pandan l ap sèvi antanke siveyan enterimè ak pou kat pwochen mwa pandan tranzisyon siveyan Skipper ap òganize ekip direksyon li.
- Apre manda li antanke siveyan enterimè, Doktè Echelson pral rete nan distri a pou jwe yon wòl nan direksyon an.

Mesye Cardet-Hernandez te eksprime sipò li pou kontra Siveyan Skipper, li te dekri sa jis e ekkitab.

Mesye O'Neill te remake salè pou siveyan yo ap ogmante rapidman nan tout peyi a. Li felisite dispozisyon kontra a pou rechèch sou mache ak akò mityèl pou separasyon.

Apwouve - Nan apèl nominal, komite a te apwouve an blòk akò travay ant Siveyan Mary Skipper ak Konsèy Administrasyon Lekòl Boston k ap kòmanse 26 septanm 2022 e k ap fini 30 jen 2026.

Apwouve - Sou apèl nominal, Komite a te apwouve sibvansyon ki totalize \$11,185,345.

Apwouve - Nan yon apèl nominal, komite a te apwouve anblòk, yon mosyon pou kòmanse sesyon an.

Madam Robinson te anonse rès manm yo te rete pou tande Rapò Siveyan Enterimè a ak Mizajou Aplikasyon Plan Amelyorasyon Sistemik la.

RAPÒ SIVEYAN ENTERIMÈ A

** Men kòman li te fè prezantasyon an.*

Mèsi, Madam Prezidan. Anvan mwen kòmanse rapò sa a, mwen vle rekonèt nan dènnye mwa a nou te pèdi plizyè nan elèv BPS yo. Nou santi n mal e nou kontinye akonpaye moun ki nan lapenn. Nou sonje jan yo te pote limyè ak lajwa nan kominote lekòl nou yo. Nou te bay elèv, fanmi ak anplwaye sèvis sipò sante mantal jan sa nesèsè. Mwen ta renmen nou fè yon ti moman silans pou moun ki pèdi lavi yo. Mèsi,

10 Out 2022

Aprè sa, nou pral gen yon rapò ki pi apwofondi sou travay nou sou plan amelyorasyon sistemik la aswè a. Travay sa a pa t kapab fèt san patenarya nou ak vil la e mwen vle remèsye majistra a ak ekip li a pou tout sipò yo te bay akò nou an ak eta a. Travay sa a tèlman enpòtan pou majistra a se pou sa vini aswè a pou l fè kèk remak entwodiksyon sou prezantasyon aswè a.

Se yon onè pou mwen prezante Majistra Michelle Wu. Majistra Wu, mwen ta renmen remèsye w yon lòt fwa ankò paske w te yon alye nan travay sa a pou elèv nou yo.

[Majistra Wu te fè yon ti remak li te remèsye Doktè Echelson pou lidèchip li, li te akeyi nouvo Siveyan Skipper, li te esplike akò a ak Sendika Anseyan Boston (Boston Teachers Union), epi li te dekri plan enprevi pou fèmèn liy Orange pou yon mwa.]

Mèsi, Majistra Wu pou lidèchip ou e lefètke w te yon chanpyon pou BPS. Kounye a mwen pral pase nan kèk mizajou travay nou pou ete sa a. Nou te gen yon ete ki te plen ak aktivite. Mwen ta renmen remèsye ekip pwofesè, administratè ak lidè ekip ki te travay di pou asire elèv nou yo gen yon ete kote yo te fè bon eksperyans epi yo te santi yo an sekirite. Yo te travay di pou asire pwogram yo te mache byen. An rapò ak prezans, me ki kote nou ye.

- Nou te sèvi plis pase 10,000 etidyan ete sa a.
- Pwogram 5yèm trimès nou yo te gen yon to prezans 90% ak ESY a, pou elèv ki gen MYP yo sa gen ladan yon ane ki pwolonje, mwayèn prezans 80% chak jou.

Semèn pase a, Siveyan Mary Skipper te vin ansanm ak Majistra Wu nan Mildred K-8 School pou selebre siksè pwogram ete nou an. Jis jounen jodi a, nou ofri plis opòtinite pou elèv yo, avèk 108 pwogram, yo tout dedye yon fason oswa yon lòt pou aprann selon pwojè a. Mwen te vle ranmase kèk pou ou:

- Elèv klas 7yèm ak 8yèm ane nan Mildred Ave School K-8 te patisipe nan pwogram Matematik IXL la pou devlope kapasite matematik yo. Yo te renmen fè lekli tou epi analize feyten "The Outsiders" nan atelye alfabetizasyon yo.
- Elèv ki soti nan Blackstone Primary School te pran yon klas fotografi nan Harriet Tubman Square.
- Elèv nan Ellis Elementary School te aprann kijan pou yo fè yon sistèm solè ak gumballs.
- Elèv 4yèm ak 5yèm ane nan akademi ete yo te fè pwòp sak lekòl yo, men elèv 2yèm ane yo te devlope charyo ak trak pou machandiz yo
- Elèv jadendanfan yo te aprann sou sik lavi a, apre metamòfoz cheni ki tounen papiyon yo te lage yo pou vole!
- Ete sa a te vrèman bon pou elèv nou yo e mwen rekonesan anvè ekip ki devwe ki te fè travay sa a posib.
- Pwogram Bridge to Calculus, ki te fèt nan Northeastern University, se yon egzanp klè nan fason rigè akademik te entegre ak aprantisaj atravè eksperyans. Elèv dezyèm ak twazyèm ane yo te travay avèk pwofesè ak konseye Northeastern yo, anpil ladan yo te gradye nan pwogram nan, epi yo te angaje yo nan fè rechèch sou moun ki pratike matematik ki soti nan kilti respektif yo ak enpak sou modèl syantifik ak konsepsyon.

Mwen pale ak nouvo manadjè Mary Skipper plizyè fwa pa jou. Li te enfòmè sou plizyè pwoblèm epi li te bay opinyon l sou pwochen etap ak plan pou ane lekòl k ap vini an. M ap

10 Out 2022

travay ak ekip la pou asire yo pare pou ale, pou yo gen yon kòmansman ki solid e pou yo gen siksè.

Nou gen mwens pase trant jou apre kòmansman ane lekòl la. Pou asire gen yon bon kòmansman ane lekòl, nou pral konsantre atansyon nou sou senk domèn kle: transpò alè, devwa elèv yo, anplwaye, pwotokòl Covid-19 ki klè epi byen aplike, ak enstalasyon ki an sekirite e ki pwòp.

Ekip transpò a ap travay pou anboche chofè otobis yo ak monitè otobis yo. Nou konte rekrite 90 chofè bis nan kòmansman ane lekòl la. Jis jounen jodi a, yo te anboche 78 chofè, swa avèk lisans kondwi komèsyal yo oswa atravè fòmasyon CDL ki te òganize atravè BPS ak Transdev. Jan w konn sa deja, ajans transpò piblik eta a, MBTA, pral sispann sèvis Orange Line pou kat semèn (apati Vandredi 19 Out a 9 pm rive dimanch 18 septanm). Pandan ekip la ap travay lajounen kou lannwit pou asire elèv ak anplwaye yo an sekirite e konfòtab pou ale ak soti nan lekòl la, li enpòtan pou nou reyalis sa pral gen yon enpak enpòtan sou elèv nou yo, fanmi yo ak anplwaye nou yo depi nan kòmansman ane lekòl la sitou an tèm de ponktyalite ak prezans elèv yo. Nou espere pandan tan sa a, MBTA a pral abòde pwoblèm sistèmik ki afekte elèv nou yo, anplwaye yo byen vit ak tout vwayajè transpò piblik yo. Tanpri tann mizajou nan kèk semèn k ap vini yo. Mèsi pou patenarya ou pandan nou rete fokis alavni. Majistra Wu ak ekip li a ap fè sijè sa tounen yon priyorite, e mwen apresye sipò a. N ap kontinye kominike mizajou ak chanjman bay fanmi BPS nou yo chak semèn. Nou te kreye yon sondaj ak anplwaye yo pou konnen opinyon yo epi nou ankouraje tout anplwaye pou yo reponn sondaj la anvan 12 out.

Nou kontakte fanmi ki nan plizyè lis datant. Dat limit pou fanmi yo chwazi yon lis datant se vandredi 12 out. Deplase nan yon lis datant ede fanmi yo monte nan liy nan epi fè pwosesis la fonksyone atravè lis sa yo. Fanmi yo ka rele oswa voye yon imèl bay Sèvis Akèy pou pran desizyon yo, oswa pou yo antre enfòmasyon sa yo poukont yo, lè yo ale sou bostonpublicschools.org/rsvp epi antre nimewo ak kòd elèv yo ak kòd RSVP yo (ki sou lèt yo te resevwa a).

Nou fè efò pou asire tout pòs yo ranpli pou premye jou lekòl la. Nou te aplike sa ki annapre yo:

- Tout direktè yo chita kounye a.
- Jouk jounen jodi a, nou te anboche 996 pwofesè. Nou gen 116 rekritman pwofesè pwogrè ak 248 pòs vid.
- Nou menm tou nou anboche 134 parapwofesyonèl, gen 25 anplwaye ki an pwogrè ak 97 pòs vid.
- Nou te anboche 21 enfimyè, gen 6 rekritman enfimyè nan pwogrè ak 6 pòs vid.

N ap travay ak Komisyon Sante Piblik Boston sou planifikasyon nou pou COVID-19 ak Monkeypox. N ap fini ak pwotokòl COVID-19 la semèn sa a epi nou espere kòmanse kominike atant bay fanmi ak anplwaye semèn pwochèn.

Enstalasyon nou yo ak ekip operasyon yo te travay pou repare pakin nan tout distri a epi yo te gen konvèsasyon kontinyèl sou estasyon dlo lekòl yo.

- Inisyativ enstalasyon èkondisyone a ap kontinye nan tout distri a.

10 Out 2022

- Evalyasyon kondisyon enstalasyon yo ap fèt.
- Ekip nou an kontinye swiv lòd travay pou kontwòl amelyorasyon ak pwosesis antretyen lekòl yo.

Pral gen yon mizajou solid pandan rapò 31 Out la. N ap planifye tou yon kantite reyinyon kominote akeyi nan fen mwa Out pou kominike preparasyon nou pou 1ye jou a.

Sa se rapò Siveyan mwen an. Kounye a mwen kontan reponn nenpòt kesyon ou ka genyen.

Madan Robinson te mande si prezans aprantisaj ete a te afekte atravè chalè ki sot pase a. Doktè Echelson te di pwogram aprantisaj ete ane sa a te gen kèk nan pi gwo pousantaj prezans distri a pa t janm wè.

Madan Robinson mande klarifikasyon sou pwosesis lis datant pou admisyon nan lekòl egzamen yo. Chèf Enterimè Sensibilizasyon Fanmi ak Kominote Denise Snyder te eksplike pwosesis lis datant pou lekòl egzamen yo ap travay sou yon orè diferan pase lekòl ki pa gen egzamen yo paske gwoup sa gen sèlman yon ti kras elèv.

Mesye Cardet-Hernandez te diskite sou kriz pèsonèl edikasyon nasyonal la epi li te poze kesyon sou efò distri a ap fè pou ranpli pòs vid ki egziste deja yo. Direktè Ekite ak Estrateji Charles Grandson te diskite sou estrateji anbochaj divèsite distri a. Mesye Cardet-Hernández mande done sou pòs ki disponib nan moman an. Doktè Echelson te dakò pou l fè swivi, li remake BPS te poste plis pòs disponib pou ane sa pase anvan.

Mesye Tran te poze kesyon sou efò distri a ap fè pou rekrute e kenbe gwoup ki difisil pou jwenn yo tankou veteran ki andikape ak Ameriken Natif Natal yo. Doktè Echelson te di byenke li pa t okouran de okenn kontak espesifik ak de gwoup sa yo, li ta bay plis enfòmasyon nan pwochen reyinyon an. Mesye Tran te mande yon mizajou sou anbochaj pwofesè Anglè kòm Dezyèm Lang (ESL) ki trè kalifye. Doktè Echelson te deklare BPS sipòte edikatè ki gen kapasite langaj natif yo pou yo jwenn yon lisans nan ESL pou moun ki etidye ansèyman lang matènèl yo.

Mesye Cardet-Hernandez te mande ki lè fanmi yo pral resevwa devwa transpò pou ane lekòl k ap vini an. Doktè Echelson te di yo poko konnen dat egzak la. Mesye Cardet-Hernández te mete aksan sou jan l enpòtan pou bay fanmi yo enfòmasyon alè e egzat. Li te ankouraje distri a pou yo aji yon fason ki kreyatif lè y ap fè plan enprevi pou prepare yo pou fènti Orange Line, tankou ajiste lè lekòl yo. Doktè Echelson pran angajman pou BPS kominike regilyèman avèk fanmi yo sou kesyon transpò yo epi reponn kòmantè yo.

KÒMANTÈ JENERAL PIBLIK LA

- Rezidan Fenway ak paran BPS Lisa Jeanne Graf te pale sou Analiz Konpòtman yo Aplike (ABA) ak edikasyon espesyal.
- Rezidan Cambridge ak defansè John Mudd te pale anrapò ak mizajou nan aplikasyon Plan Amelyorasyon Sistemik la.

10 Out 2022

- Mike Heichman, rezidan Dorchester ak manm Alyans Edikasyon ak Jistis Boston (Boston Education Justice Alliance BEJA), te pale sou plizyè pwoblèm ki genyen nan edikasyon.
- Roseann Tung, rezidan Jamaica Plain ak manm Gwoup Travay k ap Aprann Lang Anglè a, te pale konsènan mizajou aplikasyon Plan Amelyorasyon Sistemik la.

RAPÒ

Mizajou Aplikasyon Plan Amelyorasyon Sistèm: Done, Elèv k ap Aprann Anglè, Etablisman, Edikasyon Espesyal, Sekirite Elèv, Transfòmasyon Lekòl ak Transpò - Asistan Siveyan ki responsab Estrateji Done ak Aplikasyon, Monica Hogan, te prezante yon mizajou sou aplikasyon Plan Amelyorasyon Sistemik la Systemic Improvement Plan (SIP). Nan mwa jen 2022, Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts (Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education DESE), Vil Boston, ak Lekòl Piblik Boston yo te siyen yon akò pou ranfòse pwosesis distri a lè yo idantifye sistèm ak pratik ki pral mennen nan rezilta pozitif pou elèv yo. Malgre BPS te fè anpil pwogrè, te toujou gen lòt difikilte. Vil Boston ak BPS dakò yo bezwen aksyon ijan pou abòde defi BPS te rankontre depi lontan.

SIP la gen ladan sèt domèn ki mande atansyon:

- Elèv k ap aprann anglè
- Edikasyon Espesyal
- Pwosesis Lekòl yo
- Fasilite
- Sekirite Elèv yo
- Transpòtasyon
- Done

Swa tout pwojè yo fini oswa yo sou wout pou rive nan dat limit yo ki se 15 out.

Dat limit 15 out (BPS)

Pwen Akò a	Estati
Sekirite Elèv yo	
Kòmanse sèvi ak yon pi bon sistèm ki solid pou jere, reponn ak rezoud plent paran ak gadyen yo.	An pwogrè
Komisyon yon oditwa endepandan sou sekirite elèv ak anplwaye yo	Konplete
Edikasyon Espesyal	
Anboche yon antite oswa yon ekip moun ki fè prèy yo nan travay nan distri lekòl iben yo epi ki travay avèk ijans pou amelyore sèvis edikasyon espesyal.	Konplete
Nan Gwoup Travay McKinley	Konplete
BPS pral bay DESE plan li sou fason distri a pral akonpli travay ki dekri nan seksyon sa a jiskaske yo ranpli pozisyon lidèchip yo.	An pwogrè

10 Out 2022

Devlope yon politik manyèl ki ajou ak pwosedi sou edikasyon espesyal.	An pwogrè
Transpòtasyon	
Lanse yon evalyasyon dyagnostik sou sistèm transpò BPS pou moman an	Konplete
Fasilite	
Egzamine tout enstalasyon ki nan twalèt lekòl la ak travay yon plan pou lekòl distri a pou renovasyon ki nesèsè.	An pwogrè
Elèv k ap aprann anglè	
Devlope yon sistèm pou asire tout elèv k ap aprann anglè, sa gen ladan elèv k ap aprann anglè ki andikape, resevwa tout ansèyman apwopriye, aksè nan kontni enstriksyon nivo klas yo ak yon sistèm pou kontwole ansèyman.	An pwogrè
Ranpli yon plan estratejik BPS pou elèv ki pale plizyè lang, yon fason pou enkli ansèyman nan lang matènèl	An pwogrè

Pwochen delè (BPS) yo

Pwen Akò a	Dat limit	Estat
Sekirite Elèv yo		
Anplwaye yon Koòdonatè rezolisyon pwoblèm pou trete plent SRP yo	8 Septanm	An pwogrè
Transpòtasyon		
Aplike refòm operasyonèl ki te negosye yo ant BPS ak sendika chofè otobis lekòl yo	Kontinye	An pwogrè
Done		
Pibliye pwosedi retrè elèv revize yo ki dekri kontwòl espesifik yo	8 Septanm	An pwogrè
Pwosesis Lekòl yo		
Ranfòse kantite plan ki nesèsè pou transfòmasyon lekòl yo nan plan ki amelyore kalite lekòl la byen klè, solid e ki baze sou kèk prèv pou chak lekòl.	1 oktòb	An pwogrè

Tout dokiman yo soumèt bay DESE yo disponib sou Entènèt nan bostonpublicschools.org/strategicprogress. Distri a pral kontinye bay mizajou sou Rapò Siveyan an nan reyinyon Komite Lekòl yo ak prezantasyon adisyonèl pandan tout sezon otòn nan.

Mesye O'Neill mande si BPS te resevwa kòmantè nan men DESE sou travay li sou SIP jiskaprezan. Doktè Echelson te di tout kòmantè DESE te fè jodi a te pozitif e itil, li note Prezidan Robinson te patisipe anpil nan pwosesis la. Madam Robinson te repete kòmantè Doktè Echelson, li te dekri patenarya a kòm yon kolaborasyon ki ekstraòdinè.

Madam Robinson te poze kesyon sou kijan BPS pral fè patenarya ak gwoup travay yo pou aplike SIP la. Doktè Echelson te eksplike fason BPS pral mennen yon pwosesis angajman solid ak Gwoup Travay ELL la, Komite Konsiltatif pou Elèv k ap Aprann Anglè nan Distri a (DELAC),

**Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston
Zoom**

10 Out 2022

ak Depatman Jistis Etazini anvan li te prezante yon dokiman politik bay Komite Lekòl la pou l konsidere nan mitan mwa oktòb la. Menmjan tou, Biwo Edikasyon Espesyal la pral fè yon angajman solid anvan li prezante dokiman plan estratejik li bay Konsèy Lekòl la pita nan sezon otòn sa a. Doktè Echelson te di plan yo pral adrese entèseksyon ant elèv ki gen andikap ak elèv ki gen andikap ki pale plizyè lang

Mesye O'Neill te ankouraje distri a pou l chèche opinyon anpil moun ki konsène yo anvan li soumèt pwopozisyon politik yo bay komite a, li site Konsèy Konsiltatif Kòd Konduit (COCAC) kòm egzanp. Doktè Echelson te konfime Mesye O'Neill DESE sou wout pou l respekte angajman li yo alè. Mesye O'Neill te remake nan plan estratejik li a, Komite Lekòl la te ajoute volontèman lang pou BPS adopte yon mantalite sèvis kliyan ki ale pi lwen pase rezoud pwoblèm. Doktè Echelson dakò opinyon kliyan yo enpòtan anpil, e li ajoute BPS bezwen chanje sistèm li yo pou yo vin pi aktif ak repons yo. Li te konfime BPS angaje nan konvèsasyon ak DESE konsènan enpak fèmte Orange Line genyen epi l te konfime angajman distri a pou bay elèv yo transpò ki an sekirite epi ki fyab.

Mesye O'Neill te di Konsèy Great City Schools (CGCS) te responsab pou fè revizyon nan twa domèn kle: sekirite elèv yo, transpò ak edikasyon espesyal. Remake CGCS prepare rapò detaye ki souvan gen anpil rekòmandasyon, O'Neill ankouraje lidè distri yo devlope yon pwosesis pou revize rapò yo epi reponn chak rekòmandasyon. Doktè Echelson te dakò pou ajì sou rekòmandasyon an, e li te ajoute pwoblèm yo pa lwen men yo ka adapte yo.

Madan Robinson te remèsye Direktè Transpò Delavern Stanislaus pou lidèchip li. Li te poze Doktè Echelson kesyon konsènan pwoblèm transpò yo. Li te reponn BPS ap travay ak responsab vil yo ak eta pou bese enpak fèmte Orange Line la. Li te pwomèt pou l pataje detay yo ak fanmi yo nan jou kap vini yo. Doktè Echelson te avèti BPS pa ka tounen nan ansyen modèl travay nan silos. Anplwaye yo dwe travay toupatou, mande opinyon responsab, epi ogmante sipò pou pi byen sèvi lekòl ak fanmi yo.

FEN

Piske Komite Lekòl la te deja vote pou fini reyinyon an byen bonè nan sware a, Prezidan Robinson te klotire reyinyon an ozanviwon 7:25 p.m.

Ateste:



Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitif